

Seminario de Cambio Sistémico Puerto Príncipe – Haití, 17 a 19 de febrero MENSAJE FINAL

Reunidos en Haití, del 17 al 20 de febrero de 2017, 77 participantes, provenientes de diversos lugares del país, sobre todo de los barrios populares y zonas rurales alejadas, queremos saludar a todas las Conferencias pertenecientes a la CLAR y compartir gozosamente con ellas, el fruto de estos días de gracia que hemos vivido en comunidad.

Nos ha convocado nuestro compromiso con los más vulnerables, la necesidad de compartir nuestras experiencias y profundizar en cómo nos estamos acercando y desarrollando la misión en estas realidades.

Al mirar, estos días la realidad haitiana desde los puntos de vista social, económico, político y religioso, hemos constatado que los problemas de empobrecimiento extremo y progresivo, la desigualdad creciente y el tremendo deterioro del medio ambiente, nos ponen delante a unos desafíos que son la causa del sufrimiento de nuestras hermanas y hermanos.

Sufrimiento por no tener acceso a un trabajo digno; sufrimiento por carecer de una educación y sanidad de calidad; sufrimiento por no tener agua potable, comida, casa o cualquier otro servicio social básico.

Al mismo tiempo, hemos reafirmado nuestra fe y nuestra esperanza en la resiliencia del pueblo haitiano, en su capacidad de fiesta y alegría, en su capacidad de inventar caminos nuevos de economía solidaria, agricultura ecológica, educación liberadora, trabajo comunitario, colaboración en el crecimiento de los derechos de la persona, la justicia y la paz; la creación de organizaciones populares, asociación de mujeres y defensa de la vida.

La reflexión sobre el Horizonte Inspirador de la CLAR y la contemplación del icono de la Visitación, han dado sentido de profundidad y urgencia a la realidad que habíamos contemplado. Hemos sentido fuertemente la llamada a salir aprisa al encuentro de la vida, a salir aprisa para llevar la vida.

Las voces de nuestro pueblo empobrecido, nuestras hermanas y hermanos, que sufren injusticia y exclusión, nos invitan a compartir su vida y a luchar con ellas/os y desde ellas/os, en redes intercongregacionales y laicas, para poder transformar la realidad, luchando contra la pobreza estructural y construyendo la casa común donde la vida, la dignidad, la autonomía, la justicia, la paz y la solidaridad sean posibles.

Nos descubrimos como discípulos misioneros, como discípulas misioneras, a la escucha de la Palabra y de la realidad para poder dar respuesta, junto con el pueblo, a las necesidades concretas de los empobrecidos, de los hombres y mujeres, de los jóvenes y niños que luchan día a día para salir adelante en la vida.

Pedimos al Espíritu que cambie nuestros corazones, que nos impulse a asumir nuestras pobreza y que nos de sabiduría para vivir con gozo nuestras diferencias de edad, dones personales y carismas congregacionales, que no queremos considerar como problemas, sino como riquezas que nos estimulan y complementan.

Un signo de esperanza, que ha sido significativo en este encuentro, es la incorporación de un importante grupo de hermanas y hermanos seglares con los que compartimos sueños, luchas y compromiso misionero. Algunos de ellos han asumido la responsabilidad de formar parte de la Comisión de Cambio Sistemico de Haití, en el seno de la CHR.

Quisiéramos vivir este compromiso solidario como el encuentro entre María e Isabel, el encuentro gratuito de dos mujeres, amparadas por el Espíritu, que son capaces de alumbrar una nueva vida: LA NUEVA HUMANIDAD.

Seminè Chanjman Sistemik PòtoPrens – Ayiti, 17, 18 ak 19 fevriye 2017 DOKIMAN FINAL

Nan seminè a 77 moun te reyini nan peyi Dayiti soti 17 pou rive 19 fevriye 2017. Nou te sòti nan plizyè rakwen peyi a sitou nan zòn ki pi popilè yo ak sa ki twouve yo nan zòn rekile yo. N'ap tou pwofite moman sa a pou nou voye yon gwo kout chapo bay tout konferans ki fòme KLAR la, epi nou vle di yo ke nap pataje avèk anpil kè kontan rekòt jou lagras sa yo ke nou te viv ansanm nan seminè a.

Nou te vini nan seminè a paske li te enpòtan pou nou te chita pale sou sitiyasyon sila yo ki pi fèb, nou te wè nesesite pou nou te pataje eksperyans nou yo epi fouye zo nan kalalou pou nou wè kouman nou kapab apwoche ak devlope misyon ke nou genyen pou travay ak moun yo ki nan sitiyasyon difisil yo.

Pandan jou sa yo, nou te wè kijan reyalite ayisyèn lan te prezantel sou divès pwèn tankou: sosyal, ekonomik, politik ak relijyez. Nou te konstate ke pwoblèm povrete ekstrèm ak pwogresif, inegalite kap vale teren san rete ak fason ke milye kote nou rete ap deteryore, mete nou devan de gwo tonton defi ki se kòz soufrans frè ak sè nou yo.

Nou soufri paske nou pa gen aksè ak yon travay ki reponn ak diyite nou; Nou soufri paske nou pa genyen dwa ak yon edikasyon epi yon sèvis sante de kalite; Nou soufri paske nou pa kapab jwenn dlo trete, manje, kay ak nenpòt lòt sèvis sosyal de baz yo.

Nan menm tan an, nou te reafime lafwa ak esperans nou nan emansipasyon pèp ayisyen an, nan kapasite li genyen pou fete ak kè kontan, nan kapasite li genyen pou envante chimen tou nèf pou yon ekonomi solidè, pou yon agrikilti ekolojik, pou yon edikasyon k'ap libere nou, pou yon travay kominotè, pou yon kolaborasyon nan devlopman dwa moun, lajistis ak lapè.

Refleksyon sou eleman ki te enspire KLAR ak kontanplasyon senbòl Vizitasyon an te ban nou plis sans nan pwofondè ak ijans ki genyen nan reyalite ke nou te kontamplè nan peyi Dayiti a. Nou te santi fèmman apèl ki genyen pou nou sòti rapidman al rankontre lavi, sòti rapidman al pote lavi miyò.

Vwa pèp pòv nou an, frè ak sè nou yo, k'ap souffri enjistis ak eksklizyon, envite nou pou nou pataje lavi yo ak gòmen bò kote yo epi pou yo nan rezo entèkongregasyonèl yo ak layik yo, dekwa pou nou rive transfòmè reyalite a, gòmen kont lamizèki genyen nan tout yon sosyete ak bati yon kominote kote lavi, diyite moun, otonomi, lajistis, lapè ak tèt ansanm ap rive makonnen youn ak lòt.

Nou dekouvri kòm disip misyonè, ki ap tande rèl yo, ki ap gade reyalite a, nou dwe bay yon repons, ansanm ak pèp la, ak bezwen sila yo ki pòv, gason ak fanm, jèn ak timoun kap gòmen chak jou pou chèche lavi.

Ann mande Lespri Sen an pou li chanje kè nou, pou li pouse nou asime povrete nou, pou li ba nou lespri bon konprann pou nou viv avèk kè kontan diferans laj ke nou genyen, pou li ban ou moun ak esprityalite kongregasyon yo ke nou pa pral konsidere tankou yon pwoblèm men tankou yon richès k'ap motive nou epi k'ap makonnen nou.

Yon siy esperans ki te gen anpil sans nan semèn sa a, se fè anpil nan frè ak sè nou yo ki se layik epi ki soti nan divès lokalite rive pataje menm rèv, gen menm konba e rive gen menm angajman misyonè. Anpil ladan yo rive pran responsab pou antre nan Komisyon Chanjman Sistemik Ayiti a andidan CHR.

Nou ta renmen nou viv tèt ansanm sa menm jan ak rankont Mari ak Elizabèt la, yon rankont gratis ant 2 fanm ki te gen Lespri Sen an abite nan kò yo. Jès sa se yon kapasite k'ap pèmèt nou rive limen yon lavi tou nèf, ki vle di: YON MOUN TOU NÈF.